

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métode Panalungtikan

Istilah métode asalna tina kecap *methods* (basa Latén), nu hartina tarékah, stratégi, atawa *siasat* maham *réalitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtusan sabab-akibat (*kausalitas*). Métode boga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2009:34).

Saluyu jeung tujuan nu rék dihontal, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode *deskriptif-analitik*. Métode panalungtikan ieu, dipaké pikeun nyangking gambaran tina fakta-fakta jeung sipat objék panalungtikan sacara sistematis, logis, jeung faktual.

Métode *déskriptif-analitik* nya éta métode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2009:53). Analisis komparatif (*comparative study* atawa *causal comparative*) mangrupa wangun analisis déskriptif nu ngabandingkeun dua atawa leuwih objék panalungtikan nu sajenis atawa ampir sarua (Sukmadinata, 2005:7).

Anu didéskripsikeun nya éta aspék psikologi humanistik tokoh dina novel *Déng* karangan Godi Suwarna. Lian ti éta, unsur-unsur pangdeudeul jeung anu diwangun para tokoh, nya éta latar jeung galur carita baris dipedar saluyu jeung pangabutuh paalungtikan. Dina pedaran ieu téh fakta-fakta nu dijieun tafsiran baris didéskripsikeun, laju ngalengkepan jeung nafsirkeun deui eusi téks novel anu nuduhkeunana.

Métode *deskriptif-analitik* dina ieu panalungtikan ngaliwatan tilu léngkah garapan, saperti nu di tétélakeun ieu di handap.

- 1) Nangtukeun tatapakan téoritis.
- 2) Néangan sumber-sumber fakta.
- 3) Nganálisis objék panalungtikan, dumasar kana sumber-sumber faktana.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik mangrupa salah sahiji unsur anu kawilang penting dina panalungtikan, tur mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngukur fénoména, boh alam boh sosial, nu keur ditalungtik (Moleong, 1991:112). Saluyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka jeung studi analisis data.

Studi pustaka digunakeun pikeun néangan data nu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra, sedengkeun studi analisis data digunakeun pikeun milah jeung milih data nu kapanggih dina sumber data (sumber pustaka) panalungtikan, nya éta novel *Déng*.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *slip data*. Slip data digunakeun sangkan data anu kapanggih tina téks sumber data, leuwih gampang diwilah-wilahna.

Tabél 3.1.
Conto Slip Data

- | |
|-------------------------------------|
| 1. No..... |
| 2. Palaku..... |
| 3. Aspék Psikologis Humanistik..... |
| 4. Cutatan Carita..... |
| 5. Kaca..... |

3.4 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta asal atawa sumber data. Sumber data dina panalungtikan téh bisa mangrupa sumber pustaka, saperti dokumén buku atawa sumber tinulis séjénnna (Arikunto, 2010:170).

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta novel *Déng* karya Godi Suwarna, 124 kaca, dimedalkeun ku Puri Pustaka, Pébruari 2009. Tina éta sumber data ditangtukeun sakabéh téks anu ngarojong déskripsina.

3.4.1 Déskripsi Novel *Déng*

Novel *Déng* anu ditulis dina gaya *surrealist* téh ngagambarkeun alam pikiran atawa imajinasi, alam impian, ogé alam nyata manusa nu ngawujud dina hiji leunjeuran carita. Kanyataan dina kahirupan sapopoé jeung sawangan-sawangan nu teu asup akal; pangaruh jaman modérn anu ditandaan ku téhnologi anyar jeung mitos-mitos tradisional nu diwuwuhan ku anu sipatna gaib; sarta parobahan politik nu teu tangtu di hiji nagara, dipatalikeun jeung psikologi

manusa nu ngarandapanana téh jadi potrétt penting pikeun kahirupan jeung kabudayaan.

Sarua jeung *Sandékala* (novel karangan Godi Suwarna saméméhna) *Déng* ogé ngagambarkeun kaayaan masarakat pasision di kabupatén Ciamis. Kahirupan masarakat leutik kapangaruhan ku kajadian-kajadian politik dina mangsa Orde Baru (Orba), nu geus kaliwat; para pamingpin nu kurang boga rasa tanggung jawab, tepi ka nimbulkeun karuksakan méntal masarakat nu dipingpinna..

Ujang mingangka palaku nu paling istiméwa dina ieu novel. Kaayaan psikologisna kaganggu, tapi disatukangeun éta tééla boga kamampuh-kamampuh luar biasa. Ujang boga hubungan dalit jeung ingon-ingonna; Ujang boga hubungan dalit jeung alam pikiran tur impianana sorangan; Ujang bisa maca kajadian nu baris karandapan.

Ujang dina nyorang lalampahan hirup téh dirojong sawatara tokoh, utamana ku Ratih, Uyut, jeung Asép. Waktu nyanghareupan pasualan daria, tokoh-tokoh éta téh piligenti nepungan jeung marengan Ujang, boh dina alam pikiran boh dina alam nyata, pikeun méré sumanget atawa bongbolongan. Para tokoh ieu téh, tééla boga kapribadian jeung cara mikir nu kawilang istiméwa.

Ujang ngamusuh jeung indungna sorangan (Ema) alatan Yuda, nu boga pangaruh gedé dina kahirupan pribadi Ema; Ujang kaleungitan lanceukna (Asép) nu tilar dunya dina démonstrasi; antukna Ujang protés ku cara-cara nu saméméhna teu kaduga. Ujang ngabaruntak kana kaayaan nu dirarancang jeung diwangun ku Yuda (salaku tokoh politik), salaku bentuk aktualisasi dina mekarkeun kamampuh-kamampuh nu nyampak dina dirina.


Atuh lunturna ajén-inajén sosial masarakat lantaran pangaruh jaman, sarta kateuadilan para pangagung dina nangtukeun kawijaksanaan, ngeuyeuban carita dina ieu novel. Masarakat geus teu gugon kana aturan, loba nu ngarempak ajén kahirupan; awéwé jadi ungkluk pikeun nyumponan pangabutuh ékonomi, judi jadi kabiasaan masarakat, ruksakna rumah tangga, hukum sosial ka masarakat nu kalibet Partai Komunis Indonesia (PKI), jeung baruntakna masarakat ka pamaréntah.

Déng ogé nepungkeun alam bihari jeung kiwari. Dina *Déng*, alam kiwari diwakilan ku Ujang, sedengkeun alam bihari diwakilan ku Sangkuriang nu hirup dina diri Ujang salaku Sang Kuriang. Ujang ngalakukeun komunikasi jeung Sang Kuriang dina dirina sorangan, nepikeun parobahan jaman, parobahan alam, sarta cita-cita nu can kacumponan ku Ujang.

Carita dina novel *Déng* dipungkas ku masarakat nu ngahiji pikeun ngabaruntak ka pamaréntah, ku cara ngaruksak leuweung larangan; méh bareng jeung Ujang nu ngalakukeun protés ka Yuda sacara fisik, anu tétéla geuning bapa tegesna sorangan, anu sakuduna silih pikanyaah, silih talingakeun, jeung boga hubungan batin nu raket saperti halna pamingpin jeung anu dipingpinna, saperti masarakat jeung para pamingpinna.

Gambar 3.1.

Cover Buku Novel *Déng*



3.5 Léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah garapan dina ieu panalungtikan dibagi jadi opat tahap, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Tatahar.
- 2) Ngumpulkeun data.
- 3) Nganalisis data.
- 4) Nyieun kacindekan.

3.5.1 Tatahar

Tahap tatahar dina ieu panalungtikan dibagi jadi lima tahap, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Talaah pustaka, macaan buku-buku nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.
- 2) Nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan.
- 3) Ngasongkeun judul panalungtikan.
- 4) Nyusun rarancang panalungtikan (proposal).
- 5) Konsultasi ka dosén pangaping.

3.5.2 Ngumpulkeun Data

Réngsé tahap tatahar, néma kana tahap ngumpulkeun data. Anapon léngkah-léngkah garapanana saperti nu dipedar ieu di handap.

- 1) Studi pustaka.
- 2) Studi analisis data.
- 3) Studi dokuméntasi.
- 4) Wawancara.
- 5) Konsultasi ka dosén pangaping

3.5.3 Ngolah Data

Sanggeus data nu kapanggih dikumpulkeun, satulunya ngolah data dumasar téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Anapon léngkah léngkah garapanana saperti nu dipedar ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus dikumpulkeun.
- 2) Milih jeung milah data.
- 3) Nganalisis data.

- 4) Nyindekkeun data.

3.5.4 Nyusun Laporan

Tahap pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan; sabada hasil panalungtikan dipasing-pasing, dianalisis, nepi ka jadi data anu bisa disusun dina wangun déskripsi. Laporan dina ieu panalungtikan téh disusun kalawan sistematis dina wangun skripsi. Salila nyusun, salawasna diaping ku dosén pangaping.